

## BAB III


### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc.7) pamarekan kuantitatif nyaéta pamarekan panalungtikan nu sok disebut ogé salaku metode positivistik ku sabab miboga dadasar filsafat positivisme. Pamarekan kuantitatif salaku metode ilmiah atawa *scientific* numana bisa ngalengkepan kaidah-kaidah ilmiah nya éta konkrit, objektif, kaukur, rasional, jeung sistematis. Ieu metode disebut kuantitatif kusabab data panalungtikan mangrupa angka-angka jeung analisis ngagunakeun statistik.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode kuasi ékspérimen (Sugiyono, 2017, kc. 72). Métode kuasi ékspérimen sok disebut ogé *Pre experimental design*, atawa panalungtikan anu henteu maké kelas kontrol. Tujuan ngagunakeun ieu métode nyaéta pikeun ngukur kamampuh siswa dina aprésiasi carita pondok saméméh jeung sabada ngagunakeun média *Word Search Puzzle*. Dumasar kana katégorina, *pre experimental design* téh kabagi kana tilu rupa, diantaranya: (1) *one shot case study*; (2) *prates and pascatest*; (3) *static group comparison*. Dina ieu panalungtikan desain anu digunakeun nyaéta *pretes* jeung *post-tes*. Desain panalungtikan kuasi ékspérimen anu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.



Bagan 3. 1

## Desain Panalungtikan

Keterangan:

$O_1$  = *Pre-test* (kamampuh aprésiasi carita pondok saméméh ngagunakeun média *Word Search Puzzle*).

$X$  = *treatment* pangajaran ngagunakeun média *Word Search Puzzle*.

$O_2$  = *post-test* (kamampuh aprésiasi carita pondok sanggeus ngagunakeun média *Word Search Puzzle*).

(Sugiyono, 2017, kc.75)

### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data jeung sumber data mangrupa salasahiji bagéan penting dina panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh aprésiasi carita pondok, sedengkeun sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII-A SMPN 35 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023 anu jumlah siswana aya 32 siswa, 16 siswa awéwé jeung 16 siswa lalaki. Sangkan leuwih jelas, titenan ieu tabél di handap.


Tabel 3. 1

## Sumber Panalungtikan

Kelas	Siswa awéwé	Siswa lalaki	Jumlah
VIII.A	16	16	32

### 3.3 Prosedur Panalungtikan

Alur panalungtikan nu baris dilaksanakeun téh digambarkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3. 2

## Prosedur Panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap dideskripsikeun prosedur panalungtikan.

a. Masalah anu karandapan dina Pangajaran Aprésiasi Carita Pondok

Saméméh ngayakeun panalungtikan, panalungtik ngalakukeun obsérvasi ogé wawancara jeung guru Basa Sunda di SMP Negeri 35 Kota Bandung jeung sababaraha siswa pikeun maluruh masalah anu karandapan dina pangajaran aprésiasi carita pondok.

b. Rumusan masalah

Panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh aprésiasi carita pondok di SMP Negeri 35 Kota Bandung.

c. Raraga tiori

Raraga tiori minangka acuan jeung gambaran ngeunaan objék panalungtikan .

d. Ngarumuskeun hipotésis

Hipotésis mangrupa jawaban saheulaanan nu kudu diuji bebeneranana. Dina nyusun hipotesis kudu luyu jeung aturan atawa kriteria anu geus ditangtukeun.

- e. Ngarumuskeun instrumén  
Instrumén mangrupa alat pikeun ngukur kamampuh siswa. Instrumén anu geus dijieun tuluy divalidasi ku para ahli.
- f. Ngumpulkeun data (*pre-test*)  
Data hasil *pretest* dijadikeun dasar pikeun maluruh kamampuh aprésiasi carita pondok siswa saméméh ngagunakeun média *Word Search Puzzle*.
- g. Ngalaksanakeun *treatment*  
*Treatment* nu dilakukeun nyaéta ngalarapkeun média *Word Search Puzzle* ka siswa.
- h. Ngumpulkeun data (*post-test*)  
Data hasil *pretest* dijadikeun dasar pikeun maluruh kamampuh aprésiasi carita pondok siswa sanggeus ngagunakeun média *Word Search Puzzle*.
- i. Analisis data  
Sanggeus ngumpulkeun data tuluy dianalisis ngaliwatan *software* SPSS.
- j. Kacindekan  
Pamungkas dina ieu panalungtikan pikeun nyindekkeun hal-hal anu geus dicangking hasil tina panalungtikan anu geus dipedar.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés ngaliwatan *pre-test* jeung *post-test*. *Pre-test* digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun média *Word Search Puzzle*. Tuluy ngalaksanakeun perlakuan ngagunakeun média *Word Search Puzzle*. Sabada éta, dilaksanakeun pasca tés atawa *post-test* pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus ngagunakeun média *Word Search Puzzle*.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data atawa ngukur objék tina variabel panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tes nu ngawengku *pre-test* jeung *post-test*. Dina prak-prakanna panalungtikan baris dilaksanakeun tés awal anu can dibéré perlakuan (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*) anu dibéré perlakuan ngagunakeun média *Word Search Puzzle*.

Tés dilakukeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina aprésiasi carita pondok dina nangtukeun: 1) téma carita, 2) fakta carita nu ngawengku galur, latar, jeung tokoh, 3) sarana carita anu ngawengku judul, puseur sawangan, jeung gaya basa sarta pamahaman ngeunaan eusi carita. Wanda tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés tulis dina wangun pilihan dina jumlah soal 20 soal.

Kisi-kisi dina ieu panalungtikan baris dijéntrékeun di handap.

Tabel 3. 2

Kisi-kisi soal

No.	Méteri	No. soal
1.	Téma Carita	5
2.	Fakta Carita	
	a. galur	15
	b. Tokoh	6,7,8,12, 13, 22,23
	c. Latar	9,10,11, 25,26,30
3.	Sarana Carita	
	a. Judul	23
	b. Puseur sawangan	17
	c. Gaya Basa	18,24,27, 28,29
4.	Eusi Carita	19,20,21

### 3.6 Téhnik Analisis Data

Analisis data mangrupa kagiatan nu dilakukeun sanggeus data kakumpul. Téhnik analisis data dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan statistik. Aya sababaraha hal nu kudu dilaksanakeun dina téhnik analisis data, saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa hasil *pretest* jeung *posttest* aprésiasi carita pondok siswa.
- 2) Méré peunteun jeung nganalisis hasil tés kamampuh aprésiasi carita pondok saméméh ngagunakeun média *Word Search Puzzle* jeung sanggeus ngagunakeun média *Word Search Puzzle*. Carana saperti ieu di handap.

$$Peunteun = \frac{\Sigma \text{Skor Kahontal}}{\Sigma \text{Skor Maksimal}} \times 100$$

Tabel 3. 3

Skala Peunteun Aprésiasi Carita Pondok

Skala	Katégori
76-100	Hadé
51-75	Sedeng
26-50	Kurang
0-25	Kurang Pisan

- 3) Ngasupkeun data peunteun tés awal jeung ahir kana tabél ieu di handap

Tabel 3. 4

Format Peunteun Kamampuh Aprésiasi Carita Pondok

No. Absén	Aspék nu Dipeunteun							Nilai	Katégori
	Téma	Fakta Carita			Sarana Carita		Eusi Carita		
	A	B	C	D	E	F	G		

### 3.6.1 Uji Sipat Data

Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis ngagunakeun *software* SPSS. Ieu *software* bisa ngarojong panalungtik pikeun ngolah, ngitung, jeung nganalisis data dina ieu panalungtikan sacara statistik. Data anu dianalisis nyaéta data kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Word Search Puzzle*, éta data téh tuluy dijabarkeun dina hasil analisis SPSS versi 18.

#### 3.6.1.1 Uji Normalitas

Nurutkeun Sugiyono (2017, kc.172) nétélakeun yén uji normalitas digunakeun pikeun nangtukeun yén data anu dipaluruh téh miboga distribusi normal atawa henteu. Statistika paramétris digunakeun saupama data miboga distribusi normal, saupama data henteu normal téhnik anu digunakeun nyaéta téhnik ststistika non paramétris.

Pikeun nangtukeun normal henteuna distribusi data anu ditalungtik ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk*. Taraf signifikansi anu dipake nyaéta 95% (sig. 0,05) kritériaana saperti ieu di handap.

- a. Upama nilai Sig. > 0,05 hartina data miboga distribusi normal
- b. Upama nilai Sig. < 0,05 hartina data miboga distribusi teu normal.

#### 3.6.1.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Uji hipotésis bisa dilakukeun ku dua acara, saupama data miboga distribusi normal uji hipotésis ngagunakeun statistik paramétrik, saupama data henteu normal ngagunkeun ststistik non-parametrik. Léngkah mimiti anu dilakukeun nyaéta uji *paired sample t-test* dina software SPSS 18 kalawan hipotésis ieu di handap.

$H_0$  = teu aya béda anu signifikan antara antara kamampuh aprésiasi carita pondok saméméh jeung sanggeus

ngagunakeun média *Word Search Puzzle* siswa kelas VIII.A SMPN 35 Kota Bandung taun ajar 2022/2023.

H<sub>1</sub> = aya béda anu signifikan antara kamampuh aprésiasi carita pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Word Search Puzzle* siswa kelas VIII.A SMPN 35 Kota Bandung taun ajar 2022/2023.

Dumasar kana hipotésis diluhur, kritéria ngujina saperti di handap.

H<sub>0</sub> ditarima atawa H<sub>1</sub> ditolak, saupama nilai sig,  $\geq 0,05$

H<sub>1</sub> ditarima atawa H<sub>0</sub> ditolak, saupama nilai sig.  $\leq 0,05$